



Mwen dòmi san danje!

Dapre ABC yo nan dòmi an sekirite!

“**A**lone,” pou kont li sou mwen

“**B**ack,” dèyè nan yon

“**C**rib,” bèso!



Prevent Child Abuse
Florida®

THE
Ounce of Prevention Fund
OF FLORIDA

FLORIDA DEPARTMENT OF
CHILDREN AND FAMILIES



Mwen bezwen yon ti tan!

Pafwa mwen kriye san rezon, e sa se oke! Mwen ta ka kriye pou 3 èdtan oswa plis pa jou menm lè tout bezwen mwen yo satisfè.

Men sa ou ka fè:

- Fè yon lòt moun gade m pou yon ti tan.
- Mete m 'nan bèso mwen an oswa yon lòt kote ki an sekirite epi ale nan chanm kap vini an.
- Tcheke sou mwen chak 10 minit pou wè si mwen bezwen anyen.
- Koute mizik oswa fè egzèsis.
- Rele yon zanmi, yon manm fanmi, oswa 2-1-1 pou jwenn sipò.